# Gid Rapid pou Si w Bliye Modpas ou

Pou w kapab itilize fonksyon «Forgot Password» (Bliye Modpas) pòtay "Access Boston" an, fò w te enskri kont ou an epi fò w te etabli yon otantifikasyon plizyè-eleman (multi-factor authentication) - pou ke w kapab resevwa «security code» la (kòd sekirite a).

**1.** Klike sou lyen 'Forgot Password' la ('Bliye Modpas' la)




**2.** Y ap mande w pou w antre "User Name" ou (Non Itilizatè w la) (ID ou la) epi tcheke kare a pou w konfime ke w pa yon wobo. Apresa, **Klike sou bouton "Sign on" nan ("ouvri sesyon" an)**.



**3.** Chwazi nan ki aparèy ou vle yo voye kòd ou an epi **klike "Sign On"** (ou kapab genyen yon sèl sèlman, men lèse n raple w ke l toujou yon bon ide pou w etabli omwen yon aparèy an rezèv !)




**4 .** Antre kòd sekirite a ki parèt sou aparèy ou an. Ou kapab klike sou **Bouton "Sign On" nan ("Antre" a)** sèlman lè w fin antre kòd ou an.






**5.** Ekran "Forgot Password" la ap parèt.  Ekran an ap ajou lòske w satisfè regleman modpas yo, epi w ap kapab **klike sou bouton "Reset Password" la ("Refè Modpas" la)** lòske w wè tout mak tchèk koulè ble yo/kreye yon nouvo modpas fòmidab.

